*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 239 (25725)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 27 декабр — цыппурсы мæйы 27 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 КЪАМИСЫ ÆМБЫРДÆЙ
*Тох — наркотикты ныхмæ*

3 ЮБИЛЕЙ
*Газет "Дзæуджыхъæу"-ы бæрæгбон*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

**Нысантæ**

## "Мамысон" æмæ æндæр инвестицион проекттæ...

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН кусæг фембæлд уыд паддзахадон корпораци "Кавказ.УФ"-йы генералон директор Андрей ЮМШАНОВИМÆ. Ныхасы архайджытæ се 'ргом аздæхтой хæххон лыжæты курорт "Мамысон"-ы арæзтадмæ, стæй æрдзырдтой æндæр иумæйаг инвестицион проекттæ царды рауадзыныл.**

Фембæлды райдайæны Сергей Меняйло компанийы ног генералон директорæн арфæ ракодта, ахæм бæрнон бынатмæ йæ кæй снысан кодтой, уый фæдыл. РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы ныхасмæ гæсгæ, республикæйы разамынд йæ зæрдæ дары, паддзахадон корпораци æмæ Цæгат Ирыстоны 'хсæн цы æнгом æмгуыстад ис, уый æнæкъуыхцыйæ кæй адарддæр уыдзæн, уыйыл.

— "Кавказ.УФ"-имæ фыццаджы-фыццагдæр кусæм туризмы къабазы егъау инвестицион проекттæ æххæст кæныныл. Æмæ уыцы куыстæн ныридæгæн бæлвырд бæрæггæнæнтæ ис — уый мах нымайæм уæлдай ахсджиаг æууæлыл. Зæгъæм, æрæджы кадджын уавæры байгом кодтам аэропорт **"Дзæуджыхъæу"**-ы ног терминал. Уыцы объекты арæзтадмæ дæр корпораци бахаста йе 'ххуысы хай. Кæй зæгъын æй хъæуы, корпорацийæн Ирыстоны йæ сæйрагдæр объект у туристон кластер "Мамысон". Дызæрдыг нæ кæнын, иумæйаг хъарутæй ацы ахсджиаг проект æнтыстджынæй æххæстгонд кæй æрцæудзæн, ууыл, — бафиппайдта Сергей Меняйло.

Ныхасы архайджытæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй фидæн азы **"Мамысон"**-ы фæзы райдайдзæн бирæкъабазджын фæлладуадзæн центры арæзтад (фыццаг къæпхæныл йæ фæзуат уыдзæн 6 мин квадратон метры бæрц). Уыимæ, подрядчиктæ аразын райдайдзысты хæдтулгæтæн æрлæууæн бынæттæ, стæй æндæр æххуысгæнæн объекттæ. Уымæй уæлдай, 2023 азы дæргъы куыст цæудзæн фидæны курорты мидæг фæндæгтæ æмæ инженерон коммуникациты арæзтадыл.

— Уалдзæджы куыддæр фадат фæуа, афтæ нысангонд арæзтадон куыстытæ адарддæр кæндзыстæм. Уæлдæр амынд объекттæн сæ фылдæр хайы арæзтад хъуамæ ахицæн уа 2024 азы кæронмæ. Уыимæ, "Мамысон"-ы арæзтады резиденттæй иу нырыдæгæн бавнæлдта æртæ фысымуаты, ресторан æмæ æндæр ахæм объектты проекттæ цæттæ кæнынмæ, — радзырдта Андрей Юмшанов.

Ныхасы архайджытæ се 'ргом аздæхтой æмархайды æндæр фарстатæм дæр.

Фембæлды архайдта "Кавказ.УФ"-йы æххæстгæнæг директор Хасан Тимижев дæр.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Гæрзифтонг тыхтæ**

## Æфсæддонты нымæц фæфылдæр уыдзæн

**Уæрæсейы Президент Владимир ПУТИН кæм архайдта, æфсæддон ведомствæйы ахæм кæронбæттæн æмбырды ныхас кæнгæйæ, бæстæйы хъахъхъæнынады министр Сергей ШОЙГУ куыд загъта, афтæмæй Уæрæсейы æфсæддон æдасдзинадæн фадæттæ аразыны фæдыл фарстатæ æнтыстджынæй лыг кæнынæн Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхты æфсæддон службæгæнджыты нымæц**



**схæццæ кæнын æмбæлы 1,5 милуан адæймаджы онг (уыимæ контрактмæ гæсгæ æфсæддон службæгæнджыты нымæц та иннæ азы кæрон хъуамæ уа 521 мин адæймаджы).**

**— НАТО Уæрæсейы арæнтæм æввахс æрбынæттонуæвæг хи æфсæдты нымæцыл бафтауынмæ, стæй Финлянди æмæ Швецийы фæрцы Цæгататлантикон цæдис фæуæрæх кæнынмæ кæй хъавы, уыдæттæ нымайгæйæ, иннæ азы кæрон контрактмæ гæсгæ уæрæсейаг æфсæддон службæгæнджыты нымæц схæццæ кæнын хъæуы фондзсæдæ дыууын иу мин адæймаджы онг, — загъта министр.**

*"Информацион агентад ТАСС"*

**Хабæрттæ районтæй**

# Алагиры байгом фæлладуадзæн парк



**Алагиры кадджын уавæры байгом кодтой парк. Ацы мадзал арæзт æрцыд горæт немыцаг тыхæйисджытæй суæгъд кæныны 80 азы бонмæ.**

Бæрæгбоны архайдтой РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Республикæйы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**, Алагиры районы разамынд, районы цæрджытæ.

1942 азы чи фæмард Сырх Æфсады уыцы хæстонты кадæн ссыгътой





"**Æнусон арт"**. Уый бар лæвæрд æрцыд Фыдыбæстæйы стыр хæсты ветеран **Алексей Шевченкойæн.**

Цыртдзæвæныл дидинджытæ сæвæрыны фæстæ Сергей Меняйло федта аргъуаны алыварс парк.

Ацы объектыл архайын райдыдтой ивгъуыд азы уалдзæджы. Уымæн фадат фæцис, Алагиры Æппæтуæрæсеон конкурсы грант кæй рамбылдта, уый фæрцы. Алагир архайдта номинаци, "Чысыл горæт 20 мин цæрæгимæ"-йы. Проекты иумæйаг аргъ уыд 85 милуан сомы, уыдонæй 50 милуан сомы — федералон фæрæзтæй, 25 милуан сомы — республикон, æмæ ма 10 милуаны — муниципалитетты фæрæзтæ. Арæзт æрцыдысты дурæй æмæ резинæйæ фæндæгтæ велосипедыл цæуынæн, уагъд æрцыд рухс. Ноджы парчы зæххыл ныссагътой ног талабæлæстæ, къудзитæ æмæ дидинджытæ.

Проекты фæлгæты сывæллæттæн арæзт æрцыд ног фæз, дзуапп дæтты æдасдзинад æмæ хæрзхъæддзинады æппæт домæнтæн. Ам фæзынд ног сæрдыгон кинотеатр, æвæрд дзы æрцыд цæстдарæн 25 камерæйы.

Фæскомцæдисон уынджы арæзт æрцыд баскетболæй хъазæн фæз, ноджы тренажерты фæз.

Фæллад уадзынæн дзы арæзт æрцыд æртæ бынаты, традицион ирон мыггаджы мæсгуыты хуызы.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**"Иугонд Уæрæсе"**

## "Бæллицты назбæлас"-ы хæрзаудæн архайд

**Се 'нæниздзинады авналæнтæ куынæг кæмæн сты, бирæсывæллонджын æмæ æвæрæз бинонты сывæллæттæ, уæззау царды уавæрты бахауæг ацæргæ адæмы бæллицтæ æххæст кæнынц политикон парти "Иугонд Уæрæсе"-йы æппæт æмвæзады депутаттæ, партийы разамынд.**

Ног азы назбæласæй фæндонимæ зиллакк райста **"Иугонд Уæрæсе"**-йы фракцийы разамонæг, Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймуарз**. Уый сæххæст кодта, авдаздзыд Аличы бæллиц, уый куырдта ноутбук. Ахæм рауад йæ хæдивæг **Тхостаты Мураты** хæс дæр. Уыдонимæ уыдысты Парламенты депутаттæ **Ортабайты Тимур**, **Едзойты**





**Марат, Тауытты Алыксандр, Юсуп Исаков, Уыртаты Азæмæт, Джиоты Георги** æмæ иннæтæ.

Хъуамæ "Иугонд Уæрæсе"-йы цæгатирыстойнаг уæнгтæ сæххæст кæной республикæйы цæрджыты бæллицтæ. "Мах æхсызгонæй æххæст кæнæм "Бæллицты назбæлас"-ы фæндæттæ. Æппæт сывæллæттæн дæр арфæ кæнын Ног азы тыххæй, се 'ппæт бæллицтæ дæр сæххæст уæнт", — загъта Парламенты Сæрдар.

**"Бæллицты назбæлас"** йæ тыхы бацыд 2018 азы. Сæ бон дзы бацархайын у Уæрæсейы цæрæг 3 азæй 17 азы онг сывæллæттæн, се "нæниздзинадмæ гæсгæ сæ авналæнтæ цыбыр кæмæн сты, ахæм ацæргæ адæм, инвалидтæ, фæцæрыны æппынкъаддæры бæрцæй ныллæгдæр æфтиæгтæ кæмæ хауы, ахæм адæймæгтæ. Сæ бон у материалон æмæ æнæматериалон фæндæттæ рахæссын. Æххæстгонд æрцæудзысты 2023 азы 28 февралмæ.

**САНАТЫ Альбинæ**

**Цæгат Кавказ**

## Боны фæткы — æдасдзинад æмæ коррупцийы ныхмæ архайды фарстатæ

**Уæрæсейы Федерацийы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды Юрий ЧАЙКА цы уæрæх æмбырд сарæзта, уым ныхас цыд æдасдзинадæн ахъазгæнæг мадзæлттыл, барадон фæтк хъахъхъæныныл æмæ коррупцийы ныхмæ тохыл.**

Видеоконференцийы бастдзинады фæрцы фембæлды Цæгат Ирыстонæй архайдта республикæйы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**.

Цæгат Кавказы федералон зылды субъекты хицауады æххæстгæнæг оргæнты разамонджытæй уæлдай, дзуаппон докладтæ скодтой æмæ боны фæткы фарстаты фæдыл сæ хъуыдытæ загътой барадхъахъхъæнæг федералон оргæнты бæрнон кусджытæ.

Ныхасы архайджытæ сæрмагонд æргом аздæхтой федералон зылды цæрджыты алыхуызон æнæнхъæлæджы цаутæй æмæ техногенон фыдбылызтæй хъахъхъæныны, ахсджиаг инфраструктурон объектты æнæкъуыхцы куыстæн хъæугæ мадзæлттæ аразыны, æхсæнадон фæткы ныхыладæн уæлæмхасæн фадæттæ аразыны фарстатыл.



Æмбырды архайджытæ æрдзырдтой, Цæгат Кавказы федералон зылды фæсарæйнаг æнæхицауадон организацитæ цы куыст кæнынц, ууыл дæр. Бæрнон ведомствæты минæвæртты ныхасмæ гæсгæ, уыцы организацитæй иуæй-иутæ сæ размæ æвæрынц нæ паддзахадæн знаггадхæссæг куыст кæныны нысан. Уыдоны архайдæн хъæуы дæттын аккаг ныхкъуырд.

Фембæлдæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Юрий Чайка бæлвырд амынддзинæдтæ радта федералон зылды субъектты разамонджытæ æмæ профилон ведомствæты минæвæрттæн.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Ахуырад**

## Цалцæггонд скъолатæ

**77 цæгатирыстойнаг скъолайы бахастой федералон программæмæ хауæг бындурон цалцæгкæнынады ног къуырдиатмæ.**

Ацы хабар фехъусын кодта нæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ.

Дыууæ азмæ 60 ахуыргæнæндонæй фылдæр цалцæг кæнынмæ хъавынц, 77 скъолайы та банывыл кæндзысты 2024-2025 азты. Æрæджы бындурон цалцæгкæнынады



фæстæ нæ республикæйы 10 скъолайы байгом сты. Ацы скъолатæ банывыл кодтой Уæрæсейы паддзахадон программæ "Ахуырады рæзт"-мæ хауæг программæ "Ахуырады скъолаты уагæвæрды нывылкæнынад"-мæ гæсгæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Дзырды фарн**

***Ныстуан... хæстæгæй хуыздæр чи сæххæст кæндзæн.***

*КОЦОЙТЫ Арсен*

**Боныхъæд** — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **27 декабры,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **3-8 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **6-8 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 9,02**

**Хурыскаст** — 07,28
**Хурныгуылд** — 16,30

**Валютæйы аргъ**

**Доллар** — 68,33 ↑
**Евро** — 80,72 ↑

12+

Къамисы æрбадт

# Тох — наркотикты ныхмæ



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО скодта наркотикты ныхмæ тохгæнæг къамисы æрбадт. Йæ нысан уыд никотинхъæстæ продукцийы æнæзакъон зилдухмæ цæст фæдарын æмæ йæ æнахъомты 'хсæн парахат кæнынæн гæрæнтæ сæвæрын. Уый тыххæй рагагъоммæйы куыстыл æмæ 2023 азы цы хъуыддæгтæ саразын хъæудзæн, уыдæттыл ныхас рауад.**

"Наркотикты ныхмæ тох йæ фæдыл хоны сæ зилдух фæнылллæгдæр кæнын, цæмæй дзы æнæ дохтыры амындæй ма пайда кæной. Æнахъомты организмыл никотин æвзæрæрдæм ахады, фæстæдæр наркотиктæм рахизынц, зæгъæм, снюсы никотины бæрц абарæн ис тамакойы æртæ къоппимæ. Федералон закъонæвæрынад гæрæнтæ æвæры никотинхъæстæ æнæтамакойы продукцийы зилдухæн, ивары бæрцытæ фæфылдæр сты. Абон уыцы куысты тыххæй аныхас кæнæм", — загъта Сæргълæууæг.

Ацы азы райдайæнæй мæнг тамакойы продукци мидхъуыддæгты оргæнты кусджытæ систой 8 милуан сомы бæрц, байгом кодтой 22 уголовон хъуыддаджы. Никотинхъæстæ продукци уæй кæныны тыххæй 46 административон æрмæджы скодтой, æнахъомтæн снюс уæй кæныны тыххæй та — 9 æрмæджы æрæмбырд кодтой. Ахæм бæрæггæнæнтæ æрхаста Мидхъуыддæгты министрады æхсæнадон фæтк хъахъхъæныны хайады хицауы хæдивæг **Агънаты Уырызмæг**.

Барадхъахъхъæнæг оргæнты кусæг куыд бафиппайдта, афтæмæй "Роспотребнадзор"-ы республикон управлени æркаст административон барадхæлдтыты тыххæй 28 æрмæгмæ, фæивар сæ кодта 420 мин сомы бæрц. Æнæзакъон зилдухæй систой тамако æмæ никотинхъæстæ продукцийы 35 мин иуæджы.

Сергей Меняйло мидхъуыддæгты оргæнты кусджыты раз фарста алыг кæныны хæс сæвæрдта, ома, юридикон æмæ бæрнон адæймæгтæй дæр бæрнондзинад бадомын. Кæд æмæ æнахъомтæн никотинхъæстæ фæрæзтæ уæй кæнын уадзынц, базарадæй сæ нæ исынц, уæд хъуамæ дзуапп дæр дæттой. Рæнхъон уæйгæнджыты æфхæрынæй уæлдай хъуамæ бæрнон адæймæгтæй дæр дзуапп домой. Фыдракæнд ма 'руадзыны размæ хъуамæ рагагъоммæйы куыст цæуа, уыдæттæ кæнынц æнæниздзинад хъахъхъæнынады æмæ ахуырады кусджытæ. Хъуамæ æхсæнадон организацитæ дæр уым балæууой.

Скъолаты рагагъоммæйы куыст фæахадгæдæр кæнынæн хорз ахъаз сты рейдтæ, уæззау социалон уавæрты цæрæг бинонты иртасын, комкоммæ ныхас ахуырдзаутимæ æмæ ныййарджытимæ, психологон-педагогон æххуыс сывæллæттæн æмæ æндæр мадзæлттæ. Уыдæтты тыххæй радзырдта ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**.

Ахуыры азы дæргъы сывæллæттæн къласон сахæтты рæстæг æвдисынц тамако дымыны тæссагдзинæдтимæ кинонывтæ, къамтæ. Æдæппæтæй уыцы æрмæджытæ федтой 50 мин сывæллоны. Æмбырды ма фæбæрæг кодтой дзыллон хабархæссæг фæрæзты наркотикты ныхмæ тохы тыххæй фыссыны æмæ 2023 азы пъланы проекты фарстатæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Дзуапдæттæн æмбырд

# Æгъдау хæдзарæй цæуы

**Цы мадзæлттæ ис саразæн, цæмæй бахъахъхъæнæм, нæ фыдæлтæй нæм цы рæсугъд æгъдæуттæ æмæ мадæлон æвзаг æрхæццæ, уыдон? Уæлдай тынгдæр хистæрты сагъæсы æфтауы, ныртæккæйы хæлд рæстæджы куыд бахъахъхъæнæм нæ рæзгæ фæсивæды, телеуынынад æмæ иннæ хабархæссæг фæрæзты цы хæлд митæ æвдисынц, дзурынмæ дæр чи нæ бæззы, уыдонæй.**

Хистæртыл ис стыр хæс æвæрд. Нæ куыст аразæм нæ устав æмæ фидаргонд уагæвæрдмæ гæсгæ. Куыд зонæм, афтæмæй **"Иры Стыр Ныхас"**-ы куысты пълан дзæвгар фæкъуылымпы коронавирусы рыны аххосæй. Фæлæ уæддæр хистæрты совет онлайн хуызы архайгæйæ, сæ куыст нæ баурæдтой, уæлдайдæр та — фæсивæды хъомыладон фарстаты. Хъыгагæн, зæрдиаг куыст чи кодта, уыдонæй бирæтæ ацыдысты се 'цæг дунемæ. Мах æдзухдæр мысдзыстæм дзæнæтыбадинæгты рухс нæмттæ: Мырзаганты Махары, Дыгъуызты Тенгизы, Бедойты Русланы, Бицъоты Барисы, Азнауыраты Юрийы, Кортиаты Леваны, Челдыты Алыксандры.

Стыр хъомыладон куыст кæнынц хистæрты советы президиумы уæнгтæ: **Хуытиты Таймураз, Цыбырты Людвиг, Золойты Афанас, Бæдтиаты Гриш, Цгъойты Хазби, Хæмыцаты Раман, Дзанайты Хадзымæт**. Нæ президиумы уæнг, Ирыстоны муфти **Гуæцæлты Хадзымурат** кæны стыр хъомыладон куыст фæсивæды 'хсæн канд Ирыстоны нæ, фæлæ æнæхъæн Уæрæсейы дæр. Советы уæнгтæ иумæ бацæттæ кодтой **"Хистæрты амындтытæ"**, кæцытæ мыхуыргонд æрцыдысты республикæйы газетты æмæ сæ пайда кæнынц "Иры Стыр Ныхас"-ы разамынд. Нæ нысантæй иу у, цæмæй скæнæм "Иры Стыр Ныхас"-ы цур зарæггæнджыты къорд. Уый, хъыгагæн, абоны онг къухы нæма бафтыд. Хорз уаид, **Бæройты Махары** бар æй куы бакæниккам ацы фарста, уæд.

Хистæрты советы уæнгтæ арæх архайдтой радиоэфиры æмæ телеуынынады равдыстыты, дзырдтой фæсивæды хъомыладон фарстаты тыххæй.

Æнæзæгъгæ нæй нæ раздæры разамонæг **Кучиты Русланы** тыххæй. Уый хъæппæрисæй фыст æрцыд чысыл, фæлæ тынг хъæугæ брошюрæ **"Кæстæрты æгъдау"**. "Стыр Ныхас" ноджыдæр бацæттæ кодта чиныг **"Чындзхаст, чызгæрвыст æмæ марды æгъдæуттæ"**.

Бæлвырддæр мæ зæгъын фæнды газет **"Айдæн"**-ы редактор, профессор **Дзанайты Хадзымæты** тыххæй. Йæ газеты æрмæджытæ дисы æфтауынц. Уымæй уæлдай, ныффыста **"Новый национально-государственный курс Алании"**. Абоны онг ын фаг аргъгонд нæма æрцыд. Фæнды нæ, йæ куыстытæм ын лæмбынæг куы 'ркæсиккой нæ ахуыргæндтæ, нæ Хицауад æмæ дзы куы спайда кæниккой нæ чысыл Ирыстоны царды райрæзтæн.

Куыд зонæм, афтæмæй "Иры Стыр Ныхас" у æппæтдунеон æхсæнадон организаци. Ахæмтæ ма Уæрæсейы ис æрмæстдæр Татарстаны æмæ Башкирийы. Нæ диаспорæтæ сты бирæ. Хистæрты советы уæнгтæн сæ хъæру уый бæрц нæ амоны, æмæ семæ иумæ кусæм, фæлæ алы диаспорæйы хистæртæ сæхæдæг кæм цæрынц, уым кæнынц стыр хъомыладон куыст фæсивæдимæ.

Бирæ хатт мæ дисы бафтауы, нæ чысыл Ирыстонæй цас æмæ цас номдзыд лæгтæ рацыд. Уыдонæй иу у Стъараполы цæрæг æхсарджын æфсæддон æмæ разагъды лæг, профессор **Хъиргъуты Хадзыреты** фырт **Анзор**, Дур-Дуры хъæуæй рацæуæг. Цас æмæ цас хъомыладон куыст кæны канд Ирыстоны нæ, фæлæ æнæхъæн Уæрæсейы дæр. Йæ алы дзырды дæр ис уæз, йæ куысты — кад, йæ архайды бæркад. Ахæм лæгтæ кæнынц бæрзонд æмæ стыр кад Ирыстонæн.

Хистæрты советы бирæтæ кæнынц зæрдиаг куыст, зæгъæм: **Къубалты Солтан, Дзбойты Михал, Моргуаты Эдислав, Æлбегты Гермæн, Æгайты Ким, Таутиаты Минтæ** æмæ **Уруймæгты Людмилæ** та æххуыс кæнынц хъуыддагкæнынадыл.

Нæ республикæйы ма "Иры Стыр Ныхас"-æй уæлдай ис хистæрты совет, йæ сæргъы лæууы **Сидахъаты Анатоли**. Уыдон тынг архайынц æнæхъæн Кавказы хистæртимæ æрбаиу æмæ æмгуыст кæныныл. Не 'хсæн бастдзинады тыххæй бабар кодтам Æлбегты Гермæнæн.

Республикон газетты тираж азæй-азмæ къаддæрæй-къаддæр кæны, æвæстиатæй хъæуы æркæсын уыцы уавæрмæ.

Бирæ хистæртæн нæ æмбырдтæм æнцон нæу цæуын. Ау, нæ Хицауадæн сæ бон нæу æмæ автобус "Иры Стыр Ныхас"-æн радих кæной?

Сагъæсы æфтауы, Ирыстоны демографион уавæр æвзæр кæй у, уый. Мæлгæ фылдæр, гуыргæ — къаддæр. Уыцы уавæр фæхуыздæр кæныныл æмдыхæй бацархайын хъæуы не 'ппæты дæр.

Куыд уынæм, афтæмæй царды цæуы бирæ ивддзинæдтæ. Хъыгагæн, фылдæр æвзæрырдæм. Цы мадзæлттæ ис саразæн, цæмæй бахъахъхъæнæм нæ фæсивæды ацы хæлд рæстæг буржуазон идеологийæ? Курæг дæн нæ хистæртæй: йæ бон ма кæмæн у, уый архайæд фæсивæды раст фæндагыл сæвæрыныл. Рох ма уæд, æгъдау хæдзарæй кæй цæуы. Алчидæр йæ кæстæрæн æмбарын кæнæд, хорз æмæ æвзæр цы у, уый. Хъомылад, хъомылад æмæ ма иу хатт хъомылад!

**ТОМАЙТЫ Шамил, Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы хистæрты советы сæрдар**

Барадхъахъхъæнынад

# Конференцийы архайæг

**Цæцæны Республикæйы адæймаджы барты фæдыл æххæстбарджын Мансур СОЛТАЕВЫ хуындмæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны адæймаджы барты фæдыл æххæстбарджын ЦГЪОЙТЫ Тамерлан архайдта Цæцæны Республикæйы ацæуæг регионты иумæйаг конференци "Адæймаджы барты хъахъхъæнынад: райрæзты къабæзтæ æмæ фæндæгтæ"-йы.**



Конференцийы архайджыты 'хсæн уыдысты Цæцæны Республикæйы Парламенты Сæрдары хæдивæг, Цæцæны Республикæйы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады администрацийы разамонæджы хæдивæг, Цæцæны Республикæйы национ политикæйы, æддагон бастдзинæдты, мыхуыр æмæ информацийы министр, Республикæ Дагестаны адæймаджы барты фæдыл æххæстбарджын **Джамал Алиев**, Мæхъæлы Республикæйы адæймаджы барты фæдыл æххæстбарджын **Ибрагим Цечоев** æмæ æндæртæ.

Конференцийы архайджытæ байхъуыстой Уæрæсейы адæймаджы барты фæдыл æххæстбарджыны куысты, ахæстæттæм æхсæнадон цæстдарды æмæ барадхъахъхъæнынады нырыккон системæйы æхсæнадон организациты ахадындзинады тыххæй докладтæм æмæ сыл æрныхас кодтой.

**Нæ уацхæссæг**

Паддзахадон арæн

# Уæлæмхасæн уадздзæгтæ

**Автомобилты дунеон уадзæн бынат "Уæллаг Ларс"-ы кусын райдыдтой Гуырдзыстонæй Уæрæсемæ æрбацæуæны рог хæдтулгæты цыдæн 12 уæлæмхасæн уадздзаджы.**

Цæгат Кавказы Таможняйы управлени куыд фехъусын кодта, афтæмæй фæстаг суткæйы дæргъы 1976 рог хæдтулгæйы (ома, ног уадздзæгтæ куы нæма байгом сты, уыцы афонимæ абаргæйæ, 150 хæдтулгæйы фылдæр) цыдæн гæххæттытæ саразтæуыд. Ныртæккæ транспорт арæх кæй нæ цæуы, чысыл хъауджыдзинад уыимæ баст у.



— Июлæй фæстæмæ Уæрæсейæ рог транспорты рацыдæн кусынц 12 уæлæмхасæн уадздзаджы. Ацы аз рацарæзты фæуды онг кусын райдыдтой 24 ног уадздзаджы. Ацы æууæлы фæрцы "Уæллаг Ларс"-ыл цæуæг хæдтулгæты (уыимæ — уæзласæн хæдтулгætæ дæр) нымæц фæфылдæр уыдзæн, — загъта ведомствæйы минæвар.

Цæгат Кавказы Таможняйы управленийы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ацы аз "Уæллаг Ларс"-ыл суткæмæ ацыд тæккæ фылдæр 4119 хæдтулгæйы. Таможня кæд карзгонд фæткмæ гæсгæ кусы, уæддæр "Уæллаг Ларс"-ыл бирæ хæдтулгæтæн бацæуыны фадат нæй.

**РУБАЙТЫ Зæринæ**

Æхсæнадон змæлд

# Æппæтуæрæсеон советы уæнг

**Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ректор ОГЪУАТЫ Аланы бахастой Сывæллæттæ æмæ фæсивæды æппæтуæрæсеон æхсæнадон-паддзахадон змæлды наукон-методикон советы уæнгты номхыгъдмæ.**

Советы уæнгтæм хауынц 28 адæймаджы. Федерацийы Советы конституцион закъонæвæрынад æмæ паддзахадон арæзтады комитеты сæрдары фыццаг хæдивæг **Любовь Глебова** ахсы амынд советы сæрдары бынат. Уымæй уæлдай, советы уæнгтæм хауынц сенатор **Екатеринæ Алтабаева,** Мæскуыйы облæсты ахуырады министр **Илья Бронштейн**, Мæскуыйы Михаил Ломоносовы номыл паддзахадон университеты психологийы факультеты декан **Юрий Зинченко** æмæ æндæртæ.

**Огъуайы-фырт** у Цæгат Кавказы федералон зылды иунæг минæвар амынд советы.

Æхсæнадон змæлд архайдзæн рæзгæ фæлтæры хъомылады, стæй фæсивæды цæттæ кæндзæн æхсæнады бирæвæрсыг цардмæ.

Наукон-методикон совет йæхимæ райсдзæн ахуыргæнæндæттимæ, наукон центртæ æмæ профессионалон æхсæнадтимæ æхсæнадон-паддзахадон змæлды æмгуыстадæн фадæттæ аразыны, стæй куысты хуыздæр фæлтæрддзинад раиртасыны хæстæ.

**Нæ уацхæссæг**

"Иугонд Уæрæсе"

# Хыгъдгонд æрцыдысты 2022 азы закъонæвæрынады куысты бæрæггæнæнтæ

**"Иугонд Уæрæсе" 2022 азы бюджетыл кусгæйæ, фæфылдæр кодта цалдæр социалон къабазы хæрдзтæ æмæ Паддзахадон Думæмæ æвзæрстыты рæстæг цы адæмон программæмæ гæсгæ фæуæлахиз, уый сæйраг къабазы финансон фæрæзтæм бафтыдта æмæ афтæмæй сфидар кодта сæрмагонд операцийы архайджыты статус æмæ бинонтæн сæ сывæллæттимæ æххуыс. Партийы разамынд æмæ йæ Думæйы фракцийы фембæлды бахыгъта ацы азы закъонæвæрынады куысты бæрæггæнæнтæ æмæ 2023 азы нысантæ.**

Æмбырд гом кæнгæйæ, "Иугонд Уæрæсе"-йы Генералон Советы нымæрдар зæрдыл æрлæууыин кодта, 2022 азы æвæстиатæй цы ахсджиаг закъонæвæрынады уынаффæтæ хаст æрцыд, уыдон. Бæлвырддæр та æрсидтонтæ æмæ бархи лон къабазæн — хъæуæн æххуысæн, куысты бынæттæ раттынæн, æнæкоммерцион организацитæн, бархионтæн, фæсивæдон амалхъомадæн. Адæмон программæйы мадзæлттæн дæр дихгонд æрцыд финансон фæрæзтæ.

Сæйрагдæрыл баззайдзæн бинонтæн сæ сывæллæттимæ, уæлдайдæр та инвалид сывæллæттимæ æххуыс. Стæй æнæниздзинад æмæ ахуырады хæрзхъæд æмæ æнцонвадат фæхуыздæр кæнын, фæсивæды патриотон хъомылад æмæ историон мысæн бахъахъхъæнын.

Паддзахадон Думæйы депутат **Таймазты Артур** йæ раныхасы бацамыдта, партийы адæмон программæ кæй у, æцæгæйдæр, царды æппæт къабæзтыл æххæссæг егъау проект.

"Сæйрагдæр уый у, æмæ адæмон программæ арæзт цыд адæмæн сæхицæй æмæ у адæмон,




æфсæддонты куысты бынæттæ бахъахъхъæныны зæрдæдарæн, арæзт сын æрцыд кредитон каникултæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон управленийы фиддонтыл пенятæ не 'фтауыны мораторитæ.

"Уырны мæ, уæлæмхасæн ивддзинæдтæй мах бауромдзыстæм сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты тæрхонадон æмæ административон хъуыддæгтæ æмæ се 'хцатыл ахст сæвæрыны хъуыддæгтæ. Ноджы ма мах нормативон æгъдауæй сфидар кодтам нæ Гæрзифтонг тыхтæн бархи æххуысгæнæг æфсæддонты статус. Зæрдæдарæнтæ сфидар кодтам бархи æфсæддонтæн æмæ сæхи фæдзæхстадæн бюджеты фæрæзтæй фидыны хæрдзтæ, чи фæмард уа, кæнæ æфсæддонтæй цæфтæ чи фæуа, уыдонæн фидын дæр", — загъта **Андрей Турчак**.

Уый зæрдыл æрлæууын кодта, бюджетыл кусгæйæ, парти кæй фæфылдæр кодта хæрдзтæ цалдæр ахсджиаг социа-

"Скъолаты, рынчындæтты, поликлиникæты, фæндæгты, посты хайæдты арæзтад æмæ цалцæг, газификацийы социалон стыр проекттæ. Ацы азы хуызæн бюджетыл куыст афтæ зын никуыма уыд. Махæн нæ бон бацис æрмæст партион сæйрагдæр хъуыддæгты финансон уавæртæ бахъахъхъæнын нæ, фæлæ ма дыккаг бакастмæ ивддзинæдтæ бахæссыны фæрцы цалдæр социалон къабазы хæрдзтæ фæфылдæр кæнын. Ныртæккæ ахсджиаг у, цæмæй нысангонд фæрæзтæ фæхæццæ уой бæлвырд мадзæлттæ æмæ объекттæм. Æмæ уый сæрмагонд бæрндзинад æвæры нæ фракцийы алы уæнгыл дæр регионалон æмæ бынæттон парламентты нæ фракцийы алы уæнгыл дæр", — фæбæлвырд кодта Андрей Турчак.

2023 азы ахсджиагдæр фарстаты нысанты фæдыл дзургæйæ, Генералон Советы нымæрдар бафиппайдта, зæгъгæ, дарддæр дæр сæ куысты бафиппайдта уый. — Æз хорз хъуыды кæнын, цæрджыты фæндæттæ æмæ хъæппæристæ куыд æмбырд кодтам, уый. Æрмæст нæ республикæйæ æрбацыд 15 минæй фылдæр хъæппæрисы. Æмæ сæ сæххæст кæныныл цæуы бæлвырд куыст — кусын райдыдтой фелсырон-акушерон пункттæ, реконструкцигонд цæуынц посты хайæдтæ, арæзт цæуынц скъолатæ æмæ сывæллæтты рæвдауæндæттæ, цалцæг æмæ ифтонггонд — Культурæйы хæдзæрттæ. Куыд партион проект "Горæты алфамбылай"-ы координатор, мæ бон зæгъын у, горæтты алфамбылайы хæрзвадат цæуы æнтыстджынæй æмæ уый дæр у адæмон программæйы иу хай. "Иугонд Уæрæсе"-йы "Партион десант" иудадзыг бæрæг кæны адæмон программæмæ хаст социалон объектты арæзтæдтæ æмæ реконструкциты куыст. Уыцы фарстамæ нæ цæст дарæм иудадзыгдæр".

**САНАТЫ Альбинæ**

Нысантæ

# Парчы фæзындзæн хинайæн цад

**Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы æрныхас кодтой Терчы былгæрæттæ сфидауц кæныны фарстатыл. Уый тыххæй хъусын кæны горæты пресс-службæ.**

2004 азы, сæхгæдтой. Дзæуджыхъæуккæгтæ дæр ацы фæндонимæ разы сты.



Архитектортæ куыд бафиппайдтой, афтæмæй Терчы былгæрон у æххæст тыгъдад, баст у горæты историон хаимæ. Былгæронмæ базилыны проектыл кусынц архитектортæ, бирæуæладзыгон хæлд хæдзары бынаты цавæр хиирхæфсæн бынат фæзындзæн, уыцы фарста рахастой æмбырдмæ.

Рæгъмæ рахастой, Дзæуджыхъæуы цæрджыты хъуыдытæ, ома, хæлд хæдзары бынаты цавæрдæр хиирхæфсæн саразыны фарста. Специалистты хъуыдымæ гæсгæ дзы хъуамæ фæзына хинайæн цад, уый раздæр,

Былгæрæттæ сфидауц кæныны проект хъуамæ адæмы размæ рахæссой æртæ мæйы фæстæ. Куыстытæ райдайдзысты 2023 азы. Горæты цæрджытимæ проектыл ныр ма ныхас уыдзæн.

Юбилей

# Дзыллæйы амонд — Ирыстоны зарæг

## Номдзыд драматург Хуыбецты Раяйы райгуырдыл сæххæст 100 азы

**Адæймагæн йæ хъысмæты бардуагæй цы хæс æвæрд вæййы йæ размæ, уый фæрцы йæ дзыллæйæн æрхæссы цин æмæ зæрдæрухсы æнкъарæнтæ. Уымæй свæййы йæ хорз зæрдæйы уаг æмæ куыстамондæй йæ адæмæн хæрзгæнæг, тыхсты сахат та — сæ ныфсдæттæг. Уæрæсейы Федерацийы æмæ Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг, Советон Цæдисы фыццаг гильдийы драматург, нæ республикæйы театралон аивады зæрдиаг архайæг Хуыбецты Раяйы райгуырдыл ацы мæйы кæрон сæххæст 100 азы. Йæ хъæлдзæг æмæ æргом зæрдæ, йæ культурæйы, рухсады æмæ адæмон сфæлдыстады рæзтыл, фыдæлты æгъдау æмæ фарн фæлтæртæм рæсугъдæй хæссыны зонд æй кодта цард æмæ сфæлдыстадон куысты иу æнтыстæй иннæмæ.**

Фидæны драматург райгуырд 1922 азы 25 декабры Алагиры. Дыууæ азы ахуыр кодта Цæгат Ирыстоны педагогон институты филологон факультеты. Дарддæр йæ ахуыр кæронмæ ахæццæ кодта Мæскуыйы Горькийы номыл литературон институты. Уыцы азты ма уым ахуыр кодта номдзыд авайраг поэт Расул Гамзатов. Ирыстонмæ куы ссыд Рая, уæд куыста музыкалон-драмон театры литературон хайады сæргълæууæгæй. Уыдис Ирон литературæйы музейы директор. Æххуыс кодта хъæуты æмæ республикæйы районты адæмон театртæн. Куыд музейты змæлды раззагдæр архайджытæй иу, афтæ Рая зæрдиагæй архайдта Ирон литературæйы музейы фондтæ фæхъæздыгдæр кæнынил. Уый хъæппæрис æмæ æрхъуыдыйы руаджы бирæ фæхъæздыгдæр сты йæ фондтæ. Йæ фæнд æмæ разæнгардгæнæг хъуыдытæй, Иры номдзыд поэт Хетæгкаты Къоста Дзæуджыхъæуы цы хæдзары цард, уым байгом мемориалон музей. Ноггонд æрцыд йæ мемориалон хæдзар-музей Нары.

Зындгонд драматурджы литературон курдиат уæлдай тынгдæр райхæлд æмæ сахадыдта ирон драматургийы рæзтыл. Йæ фыццаг пьесæ "Нæ хæлæрттæ" драматург ныффыста 1948 азы, литературон институты дыккаг курсы куы ахуыр кодта, уæд. Ирдæй дзы равдыста, Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй чи сыздæхт, уыцы тохвæллад адæмы сурæттæ æмæ удыхъæд, сæ архайд хæлд адæмон хæдзарад сырæзын кæнынил.

Литературон институт каст куы фæци, уымæй афæдз фæстæдæр Рая ныффыста йæ дыккаг пьесæ "Замирæт". Йæ сæйраг архайæг у романтикон удыхъæды хицау чызг Замирæт. Уый уыд хæдзарады разамонæг, æмæ йæ бæллиц уыд дыргъдæттæг цæхæрадæттæ дзы саразын. Йæ рæстæджы йæ иу уацы Рая фыста: "Æз кæддæриддæр архайдтон мæ уацмысты æхсæнады æмæ адæмы иудзинад æвдисыныл". Уыцы уагыл фыссы йæ иннæ драматургион уацмыстæ "Хетæг", "Амондагурджытæ", "Дзыллæйы амонд".

1957 азы та драматург Хуыгаты Георимæ Рая ныффыста лирикон комеди "Софиайы зарæг". Ирон театры йæ куы сæвæрдтой, уæд ын аивадуарзджытæ æмæ театралон критиктæ скодтой хорз аргъ. Арф ын айстой йæ архайджытæй алкæй сурæт дæр сæ зæрдæтæм. Сæ курдиаты гæнæнтæ дзы ног хуызы разындысты нæ номдзыд æмæ зындгонд артисттæ Икъаты Серафинæн, Хъæрджынты Варяйæн, Хаситы Аллæйæн, Уыртаты Верæйæн, Кочысаты Зояйæн, Ходы Барисæн. Пьесæ тæлмацгонд æрцыд уырыссаг, чувашаг, украинаг, молдоваг æвзæгтæм. Сæвæрдтой йæ нæ бæстæйы бирæ театрты. Нымад у советон драматургийы хуыздæр уацмыстæй иуыл.

Афтæ ма драматурджы зынгæдæр уацмысыл банымайæн ис пьесæ "Уалдзыгон зарæг". Уымæн дæр йæ хъуыды арæзт у, уарзондзинад æмæ рæстаг зæрдæйæ фæллой кæнын чи зыдта, уыцы адæмы сурæттæ æхсæнадмæ рахæссыны нысанæн. Ацы спектакл дæр федтой æмæ йæ сæ зæрдæтæм æхсызгонæн айстой канд ирон театрдзаутæ нæ, фæлæ ма æппæт



бæстæйы аивадуарзджытæ. 1960 азы йæ равдыстой Мæскуыйы Ирон аивад æмæ литературæйы декадæйы.

1974 азы драматурджы ног сфæлдыстадон æнтыст баст у йæ пьесæ "Мады фарн"-имæ. Ирд æмæ уырнинагæй дзы равдыста Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг Ирыстоны хъæуты цæрджыты фæлгонцтæ. Сæ сагъæстæ æмæ цинтимæ, се 'ууæнк нæ бæстæйы æфсады фæуæлахизыл. Ацы спектаклы сæ курдиат ног хуызы сæрттывта, æмæ йæ фæрцы адæм ноджы тынгдæр бауарзтой, Ирон театры кад æмæ номыл кæддæриддæр йæ курдиаты цæхæрæй удцырыны зынг чи æфтыдта, уыцы актерты. Йæ режиссер уыд Цихиты Мæирбег. Сæйраг ролты дзы хъазыдысты УФ-йы адæмон артисткæ Беккуызарты Орзетæ, УФ-йы сгуыхт артисткæ Уыртаты Верæ, нæ республикæйы адæмон æмæ сгуыхт артисттæ Газзаты Земфирæ, Ходы Барис, Дзбойты Зоя, Медойты Светланæ, Кцойты Михал, Тлаттаты Бекcолтан, Суанты Хъазыбег, Цырыхаты Розæ, Къуымæлæгкаты Мурат, Цæрæкты Олег, Цæриаты Валери...

Спектакл "Мады фарн" æвæрд æрцыд Дагестаны Лекъаг драмон театры сценæйы дæр.

Хуыбецты Раяйы фыст драмон уацмыстыл дзургæйæ ма æрхæсдзыстæм аивадиртасæг Бæциаты Агуыдзы хъуыдытæ: "Хуыбецты Раяйы, Цихиты Мæирбеджы, Беккуызарты Орзетæйы æмæ спектаклы архайæг æппæт актерты ахæм стыр сфæлдыстадæн йæ быныдуры уыд, героикон-романтикон традицитæм ног цæстæй кæй акастысты, уыцы уаг".

Драматург йæ тыхтыл никуы ауæрста, уыдис ын сæрмагонд сфæлдыстадон æгъдау: "Иу бон дæр æнæ иу рæнхъ ныффысгæ нæ фæвæййын". Афтæ канд Ирон театрæн нæ, фæлæ ма хихъæппæрисадон драмон къордтæн дæр æххуыс кодта, куыд Адæмон сфæлдыстады хæдзары хайады сæргълæууæг. Фыста сын иуактон пьесæтæ æмæ тематикон бæрæгбæтты сценаритæ. Йæ арæхстджын литературон æрмдзæфæй рæвдыд уыдысты театр "Саби"-йы чысыл аивадуарзджытæ. Кæй ранымадтам æмæ бæстон кæуыл афæлгæсыдыстæм, уыцы драмон уацмыстæй уæлдай ма Рая ныффыста пьесæтæ: "Гуымыдза — къæлæтджыны", "Намыс", "Уыцы бонты", "Ирæд", "Райгуырæн хæхты" (Æвæрдтой йæ Хакасийы театры дæр), "Æнувыд зæрдæ", "Зымæгон аргъау"...

Бирæ азты Рая разамынд лæвæрдта Фысджыты цæдисы драматургийы секцийæн. Уыд Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы депутат, Ирон сылгоймæгты фыццаг съезды делегат. Йе 'хсæнадон æмæ сфæлдыстадон бирæвæрсыг архайдæн, нæ культурæмæ цы ахадгæ æвæрæн бахаста, уый тыххæй йын лæвæрд æрцыд "Кады Нысан"-ы дыууæ ордены, ЦИАССР-йы æмæ УСФСР-йы культурæйы сгуыхт кусæджы кадджын нæмттæ

Ивгъуыд æнусы "æндзыгады рæстæг" куы фæци, нæ фыдæлты кувæндæттæм цæуын æмæ дзуæрттæм кувыны бар нын фæстæмæ лæвæрд куы 'рцыд, уæд Хетæджы дзуары бын фыццаг дзыллон бæрæгбон саразæм, зæгъгæ, уыцы хъуыды дæр Рая рахаста адæмы размæ. Иры намысджын поэт Къостайы ныййарæг мад Гуыбаты Марияйæн йæ ингæныл цыртдзæвæн сæвæрыны хъæппæрисы тыххæй не сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæрттæй фыццаг йæ рæстдзæвин ныхас чи загъта, уый уыд нæ зындгонд драматург.

Абон дæр цæры фæлтæрты зæрдæты йæ адæмы уарзон чызг Хуыбецты Раяйы рухс ном. Уарзынц ын йе сфæлдыстад хистæрæй-кæстæрæй. Йæ уарзæгой уд æмæ æнкъараг фæлмæн, сыгъдæг зæрдæйы курдиаты цæхæр куыд тынгдæр цæхæр калдта Хуыбецты Раяйæн, ахæм фæлмæн æмæ уарзæгой уды хицау уыд йæ алыварс адæмимæ ныхасы. Йæ зæрдæйы хин, фæлитойдзинад никуы уыд. Йе сфæлдыстадон рæзт æмæ архайдæн цæлхдуртæ æвæрæгæн дæр-иу йæ хъыджы никуы бацыд, уый нæ, фæлæ ма йын-иу хорздзинад сарæзта, кæд æм хуыздæр зонд æрцæуид, кæд йæ зæрдæ фæфæлмæн уаид, зæгъгæ.

Зындгонд драматург, нæ республикæйы музейты, рухсады разæнгард архайæг Хуыбецты Раяйы рухс номæн кад, йе сфæлдыстадæн та йын аккаг аргъ кæнын, йæ уацмысты руаджы сæ ирон лæджы хуыздæр миниуджытыл ахуыр кæныны зондыл æфтауын у нæ республикæйы сфæлдыстадон интеллигенцийы сæйрагдæр хæстæй иу. Ахæм кады аккаг кæй у, уый равдыста Ирыстоны культурæ æмæ ирон адæмы удварны рæзтыл йæ зæрдиаг архайдæй.

# Мады фарнæн табугæнæг

**Зындгонд драматург Хуыбецты Раяйы райгуырды 100 азы юбилейы кадæн Дзæуджыхъæуы Центрон библиотекæйы фыццæгæм филиалы уыд литературон-музыкалон изæр "Мады фарнил зарæггæнæг". Йæ саразыны хъæппæрис та разынд РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы разамындмæ æмæ нæ горæты Центрон билиотекæйы фыццæгæм филиалы литературон клуб "Æхсæрдзæн"-ы уæнгтæм — ныридæгæн сфæлдыстадон куысты фыццаг къахдзæфтæ чи кæны, уыцы автортæм.**

Литературон-музыкалон изæры архайдтой æмæ зындгонд драматурджы цард æмæ сфæлдыстадыл бæлвырд æрдзырдтой Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры Раяйы пьесæтæм гæсгæ æвæрд спектаклты архайæг, актер æмæ режиссер, РЦИ-Аланийы адæмон артист **Цæриаты Валери**, Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг, прозаик **Цомартаты Изæтбег**, нæ республикæйы Театралон архайджыты цæдисы разамонæджы хæдивæг, зындгонд актрисæ, режиссер **Пагæты Фатимæ**, Æрыдоны адæмон театры артист **Тлатты Темыр,** зындгонд поэт, Паддзахадон телерадиокомпани "Алани"-йы редактор, поэт, публицист **Къадзаты Станислав**, Æппæтдунеон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы сылгоймæгты комитеты уæнг **Таутиаты Минтæ**, журнал "Мах дуджы" критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор **Тъехты Тамерлан**, драматурджы хиуæттæ æмæ хæстæджытæ, астæуккаг скъолаты ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ æмæ чиныгкæсджытæ.

Мысæн изæры райдайæны йæ архайджытæ æмæ уазджыты Центрон библиотекæйы фыццæгæм филиалы сæргълæууæг **Мысыкаты Разитæ** базонгæ кодта Хуыбецты Раяйы цард æмæ сфæлдыстадыл дзурæг æрмæджытимæ: къамты, газеттæ æмæ журналты мыхуыргонд уацты мидисджын равдыстимæ. Уыдоны руаджы банкъарæн уыд, Рая сфæлдыстадон бирæвæрсыг курдиаты хицау æмæ æхсæнадон архайæг кæй уыд, уый.

Фыссæг Цомартаты Изæтбег йе 'мсис хистæр хæлары-зындгонд драматурджы тыххæй загъта: "Йæ пьесæтæм гæсгæ цы бирæ спектаклтæ æвæрд цыд Ирон драмон æмæ музыкалон театрты сценæйы, уыдонæй сæ алкæцыдæр уыд хицæн фæзынд нæ национ культурæйы. Стæй сæ канд нæхи республикæйы аивадуарзджытæ хæстæг нæ айстой сæ зæрдæмæ, фæлæ ма Цæгат Кавказы, Советон Цæдисы республикæты зынгæдæр театртæ æмæ режиссертæ, æхсызгонæй сыл æмбæлдысты театрдзаутæ. Уымæн æмæ, драматург йæхæдæг куыд æргом æмæ сыгъдæгзæрдæ уыдис, ахæм удыхъæд уыд йæ драматургион уацмысты алы архайæгæн дæр. Раяйы хуызæн курдиатджын драматургты нæмттæ, се сфæлдыстад хъуамæ рох ма кæнæм".

— Рая йе 'взонгæй бавзæрста сидзæры тухитæ, фæлæ цард æмæ адæмы ахастдзинæдты "скъолайы" та сахуыр кодта, йæ дзыллæйы сæйрагдæр цы æндавы, цæуыл у йæ сагъæс, йæ цин, уый базыдта иттæг хорз. Æвдыста сæ йæ уацмысты. Йæ зæрдæ уыд фæлмæн æмæ парахат. Алкæмæн дæр-иу æй фæндыд, хистæрæй-кæстæрæй, балæггад кæнын, хорзы бацæуын. Дзæуджыхъæуы цы хæдзары цард, уымæ хæстæг уыд Радиойы хæдзар. Арæх нæм-иу æрбауад уырдæм. Нæ редакторты, уацхæсджыты, техникон кусджыты уæттыл-иу æрзылд. Се 'ппæтæн дæр-иу къафеттæ æмæ æндæр адджинæгтæ байуæрста. Уыд æппынæдзухдæр хъæлдзæг, цардбæллон, цыргъзонд ныхасгæнаг, — дзырдта Къадзаты Станислав. — Æз æй мæ радиобакаст "Уацамонгæ"-мæ цалдæр хатты æрбахуыдтон. Эфиры-иу йæ хъуыдытæ дзырдта йæхи сфæлдыстадон фæндаджы, стæй нæ культурæйы иумæйаг рæзтыл, нæ фæсивæды, ирон æгъдау æмæ æфсармыл æнцой кæнгæйæ, раст цы хуызы хъомылгæнæн ис, уыцы фарстатыл. Йæ алы пьесæйы дæр уыд ИРОН УД, нæ адæмы миддунейы ныв. Йæ ныхасы кæрон Станислав бакаст, Хуыбецты Рая æмæ йæ пьесæ "Мады фарн"-мæ гæсгæ æвæрд спектаклы сæйраг фæлгонц Кадийы сурæт саразæг — УФ-йы адæмон артисткæ Беккуызарты Орзетæйы тыххæй цы æмдзæвгæ ныффыста, уый.

Номарæн сфæлыстадон изæры архайджытæ æмæ уазджытæ бакастысты спектакл "Мады фарн"-æй хицæн скъуыддзæгтæм. Уымæй уæлдай ма федтой æмæ байхъуыстой (видеофыстæй) Хуыбецты Рая ивгъуыд æнусы нæуæдзæм азты æхсæнадон æмбырдтæй иуы, фыдæлтыккон бæрæгбæтты æгъдæуттæ, фæлтæртæм рæсугъдæй фæхæццæ кæныны тыххæй йæ мидисджын хъуыдытæм.

— Мæ мад Хуыбецты Рая Мæскуыйы литературон институты куы ахуыр кодта æмæ йæ каст куы фæци, уæд ын гæнæн уыд, цæмæй Мæскуыйы баззадаид, куыст æмæ йын дзы фатер дæр лæвæрдтой. Фæлæ уый æрцыд йæ райгуырæн Ирыстонмæ æмæ йæ курдиатæй, йæ зонд æмæ æрхъуыдыйæ, æхсæнадон уагыл йе 'фсармыл гадзрахатæй никуы рацыд, афтæмæй лæггад кодта нæ ирон аивадæн. Æнувыд уыд хиуæттыл, йе 'мкусджытыл. Уæрæсейæ, Цæгат Кавказы республиткæтæй зындгонд артист, драматург, фыссæг кæнæ критик ссыд, уæд-иу сæ фысымтæ уыдыстæм æз æмæ мæ мад. Кæд алкæддæр æнæвдæлон уыд, йæ размæ, куыд сфæлдыстадон кусæг, æхсæнадон архайæг, дзуапджын, фендджын сылгоймаг, мад, афтæ бирæ хæстæ лæууыд, уæддæр-иу ардта рæстæг хиуæтты, зонгæты, æмбæлтты зæрдæ æхсызгонæй æлхæнынæн. Йæ уд, йæ цæст уыд адæмæн хорзы цæуын. Никуы никæй зæрдæхудты бацыд. Уыд æргомдзырд, йæ хæстæ æнувыдæй чи 'ххæст кодта, ахæм ирон сылгоймаг.

Алы сабат æмæ хуыцаубоны та-иу нæ хæдзары уыд кувинаг æртæ уæливыхы. Уазæгуаты нæм-иу цыдысты хиуæттæ æмæ хæстæджытæ. Се 'ппæтæн дæр Рая уыд лæггадгæнæг, куыд фынджы, афтæ ныхасы æгъдауæй, — дзырдта зындгонд драматурджы чызг, Адæмон сфæлдыстады хæдзары хайады сæргълæууæг, нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг **Абайты Азау.**



**ГАСАНТЫ Валери**

**Къам систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

Æхсызгон цаутæ

# Газет "Дзæуджыхъæу"-ы бæрæгбон

**Дзæуджыхъæуы хиуынаффæйады администрацийы Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ номæй газет "Дзæуджыхъæу"-ы ссæдз азы бонмæ йæ кусджыты схорзæхджын кодтой кады гæххæттытæй.**

— Рауагъдæй-рауагъдмæ æххæст кæнут уацхæсæджы хæстæ афойнадыл æмæ æнæмæнгæй. Нæ республикæйы адæм цæмæй цæрынц æмæ куыд, цавæр зындзинæдты сæрты ахизынц, цы æмвæзадмæ схизынц фæллой, наукæ, ахуырад, аивад æмæ спорты тыгъдæдты, уыдæттæ иууылдæр сымах дзурут æмæ хæссут адæмы размæ. Бузныг уын, уæ дæсныйадыл æнувыд кæй стут, уый тыххæй. Арфæ кæнæм уæ газеты кусджытæн, фидæны уын фылдæр бантысæд, — Парламенты сессийы Минæвæртты æмбырды Арфæйы фыстæг бакаст Дзæуджыхъæуы Муниципалон сконды сæргълæууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Сæлбиты Зитæ**.



**Газет "Дзæуджыхъæу"-ы сæйраг редактор ХЫНЦÆГТЫ Аллæ**

Газет "Дзæуджыхъæу"-ы сæйраг редактор **Хынцæгты Аллæйæн** журналистикæйы къабазы уæлдай хорз куысты тыххæй лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы номæй Кады гæххæтт. Уыимæ, газеты хуыздæр кусджытæ æмæ йæ авторты дæр схорзæхджын кодтой Сергей Меняйло æмæ **Дзанайты Барисы** номæй Кады æмæ Арфæйы фыстæджытæй.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

**Къам систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

# АРФÆ

# "Фидиуæг"-æн йæ 85 азы бæрæгбоны фæдыл

**Газет "Рæстдзинад"-ы кæстæр æфсымæр "Фидиуæг"-æн зæрдæбынæй арфæ кæнæм йæ кадджын бæрæгбоны фæдыл. Республикæйы стырдæр районы цæрджытæн лæггад кæнын æнцон нæу. Фæлæ, фæллад нæ зонгæйæ, уæ удæй арт цæгъдут, цæмæй газеткæсджытæм хабæрттæ афоныл хæццæ кæной, уый тыххæй.**

**Нæ фыдæлтæм хабархæссæг дзыллон фæрæзтæ куы нæма уыдис, уæд пайда кодтой Фидиуæджы уадындзæй. Æмæ-иу ын йæ азæлд нæ арф кæмттæ фæйнæрдæм фæхастой. Уыцы рæсугъд æгъдау нырыккон техникон фæрæзты фæрцы хæццæ кæнут адæммæ, æххуыс сын кæнут рæстдзинад агурынмæ, æмæ уæ уый тыххæй бузныг сты, кæсынц уæ, аргъ уын кæнынц æмæ уæм æнхъæлмæ кæсынц. Æмæ уый зын бамбарæн нæу: уæ газет фыссы адæмы тыххæй æмæ адæмæн.**

Алы мыхуыры фæрæзæн дæр ис йæхи миниуджытæ, фæлæ сæ иу кæны рæстдзинад. "Фидиуæг"-ы журналисттæ æххæссынц алцæуылдæр, ницы уæ ирвæзы: нæдæр мадæлон æвзаг, культурæ, аивад, лæмбынæг дарут газеткæсджытæн сæхи сфæлдыстадмæ дæр, æмæ уый дæр хорзæрдæм зыны газеты куыстыл. Арæх арæзт цæуынц газеты хъæппæрисæй "тымбыл фынгтæ", æмæ æргом ныхасы Умар, Алæгаты Тимофей, Букуылты Майрæм, Икъаты Авдул, Битарты Маринæ æмæ Дзебойты Регинæйы. Алы азты мидæг уæ районы газеты бæркадджын фæллой кодтой нæ зындгонд фысджытæ æмæ ахуыргæндтæ: Цæголты Васили, Тетцойты Таймураз, Гуыриаты Мæхæмæт, Кокайты Тотрадз, Ситохаты Саламджери, Соттиты Риммæ, Колыты Витали æмæ æндæртæ.

Абон газет "Фидиуæг" бацыдис йæ фарæстæм дæсазоны дыккаг æмбисы. Æмæ йæ хæрзгæнджытæ фидæнмæ кæсынц сæрыстырæй, уымæн æмæ дæлæмæ нæ уадзынц хистæр фæлтæры



политикæ, æхсæнад, хиирхæфсæн æрмæджытæ æмæ ма ноджы алыхуызон ногдзинадхæссæг хабæрттæ.

Газетæн йæ сæйраг нысан сты адæм: ахуыргæнджытæ, дохтыртæ, зæхкусджытæ, барадхъахъхъæнджытæ, посты кусджытæ, разамонджытæ, æфсæддонтæ, ахуырдзаутæ — æмæ кæй тыххæй нæй бакæсæн "Фидиуæг"-ы фæрстыл. Уыцы алыхуызон æрмæджыты мидæг газеткæсджыты ахуыр кæнут уæздандзинад, рæстдзинад æмæ хæрзæгъдаудзинадыл. Æмæ ма уын уыцы фæрнджын хъуыддаджы ноджыдæр бантысæд. Стыр æнтыстыл банымайын хъæуы, "Фидиуæг"-æн дæсгай азты дæргъы йæхи цæсгом кæй ис, уый. Ацы змæст рæстæджы уыцы миниуæг бахъахъхъæнын æнцон хъуыддаг нæу. Уый уымæн афтæ рауад, æмæ уæ газеткæсджытимæ кæнут æргом ныхас, æмæ уыцы хъуыддаг, æнæмæнг, хорзæрдæм зыны уæ куыстыл.

**"Фидиуæг"** къуыри æртæ хатты бахойы районы цæрджыты кулдуар æмæ сын хæссы фарны хабæрттæ ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл. Æмæ цынæхуызон æрмæджытæ бакæсæн вæййы газеты фæрстыл — сабитæй райдай æмæ карджын адæмæй фæуу. Уæ хъус тынг дæг кæрæдзимæ фæхæстæгдæр вæййут. Уæдæ фысджытимæ цы куыст цæуы, уый дæр, æнæмæнгæй, у раппæлинаг хъуыддаг. Уæ куыст ахæм хуызы кæй аразут, уымæн ис стыр ахадындзинад. Уæ лæмбынæг цæстæнгасæй нæ ирвæзы постхæсджыты архайд дæр. Æрвылаз сын се 'хсæн аразут конкурстæ, чи цас фылдæр рафыссын кæна "Фидиуæг"-газет, уый фæдыл. Æмæ уый хорзæрдæм зыны тиражы нымæц фæуæлдæр кæныны хъуыддагыл.

Æнæ зæгъгæ нæй газеты хъæздыг азфысты тыххæй дæр. "Фидиуæг"-ы бур сыфтæ бирæты хъуыдæджы арф бынат ахсынц. Æмæ уый диссаг нæу, уымæн æмæ уыдон улæфынц газет æмæ районы рæзты тæлмæнтæй. Абоны журналисттæн уырнинаг æвдисæнтæ сты, газетæн бындур чи сæвæрдта, уыдоны сфæлдыстад æмæ хæрзаудæн архайд. "Фидиуæг"-ы 85 азы бон куыд нæ æрымысæм йæ фыццаг редактор Хуытъинаты Дæгкайы, æмæ йын йæ куыст чи адарддæр кодта, уыдоны: Æхполæтты Дударыхъо, Баймæтаты Георги æмæ Козаты Сафонкайы. Газеты абоны зиууæттæ хорз хъуыды кæнынц сæ иннæ редакторты хæрзаудæн куыст дæр: Елуаты Харитон, Кокайты Васили, Дзуццаты Саукуыдз, Бязырты Умар, Таутиаты кад æмæ намыс. Районы цæрджытæ бузныг сты Æлборты Дианæ, Дзебойты Регинæ, Косты Клавæ, Гасситы Маисей, Кортиаты Æхсар, Зассеты Еленæ, Владислав Казанский æмæ иннæтæй. Нæ зынаргъ æмкусджытæ, абон æнцон рæстæджы нæ цæрæм. Цард, дуг æмæ нæ хъысмæт азгай нæ, фæлæ æрвылбон дæр фæлварынц. Æмæ сын быхсын хъæуы, æндæр гæнæн нæй. Зындзинæдты ныхмæ цас фидардæр лæууæм, уый бæрц нын æнцондæр уыдзæнис сæ сæрты ахизын. Æмæ уын уымæ гæсгæ нæ зæрдæ зæгъы: **Хуыцау зæххон адæймаджы цы хæрзтæй фæхайджын кæны, уыдонæн сæ вазыгджындæр у æнæниздзинад. Адæймаг æнæниз куы уа, уæд йæ бон бирæ цыдæртæ у, æмæ саг-сæгуытау куыд уат, ахæм амонд уæ уæд.** Газеты фидæн куыд уыдзæн, уый аразгæ у сымахæй алкæмæйдæр. Нæ зæрдæ дардзыстæм, уæ хуыздæр бонтæ нырма разæй кæй сты, ууыл.

Республикон адæмон газет **"Рæстдзинад"**-ы редакцийы кусджыты номæй айсут зæрдиаг салæмттæ æмæ бæрæгбоны арфæтæ.

**ХОЗИТЫ Барис, газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор**

## Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Богæлттæ тырнынц фидæны ерыстæм

**Дзæуджыхъæуы, Хæдарцаты Асланы номыл хъæбысхæсты академийы хи цæттæ кæнынæн цы иттæг хорз уавæртæ арæзт ис, уыдон сæхимæ æлвасынц канд Уæрæсейы нæ, фæлæ ма фæсарæйнаг спортсментæ æмæ тренерты дæр.**

Мæнæ та ацы азы фæстаг мæйы дæр академи суазæг кодта уæгъдибар хъæбысхæстæй Уæрæсейы фæсивæдон (24 азы онг) иугонд командæйы. Дзæуджыхъæумæ фидæны ерыстæм сæхи цæттæгæнæн æмбырдмæ чи ссыди, уыдоны 'хсæн сты нæ бæстæйы цалдæр регионы минæвæрттæ. Сæ фылдæр Ирыстоны фыццаг хатт не сты. Тренировкæты иумæ вæййынц бынæттон богæлттимæ. Бирæтæ дзы кæрæдзийы хорз зонынц æмæ се 'хсæн фидар кæны лымæндзинад.



ДЖИОТЫ Таймураз

Уæрæсейы фæсивæдон иугонд командæйы хистæр тренер у не 'мбæстаг, ныр бирæ азты Мæскуыйы цæрæг, Уæрæсейы æфсады иугонд командæйы сæйраг тренер, Уæрæсейы сгуыхт тренер **Мæргъиты Анатоли**. Уый йæ командæйы уæнгтимæ ахæм æмбырдты Ирыстоны уыд къорд хатты, фæлæ йæ ацы хатт æмбырды баивта йе 'ххуысгæнæг тренер, уый дæр Мæскуыйы цæрæг, ирон лæппу **Джиоты Таймураз**. Уый цæттæгæнæн æмбырд цы уавæрты цæуы, уый тыххæй загъта: "Ацы кары богæлттæ сты, рæхджы хистæр спортсментыл нымад чи уыдзæн, уыдон. Ныртæккæ сæ цæттæ кæнæм ног аз, январы фæстаг къуырийы Красноярскы æрвылазон дунеон Гран-при турнир "Иван Ярыгин"-мæ. Уыцы турниры æвзæрст æрцæуынц дунейы Кубок æмæ Европæйы чемпионаты уыны фадат кæй фæуыдзæн. Куыд зонæм, афтæмæй æрæджы АИШ-ы Олимпиаг хъæзтыты комитет уынаффæ рахаста, цæмæй Дунеон Олимпиаг хъæзтыты комитет Уæрæсейы спортсментæн бар радта фидæны Олимпиаг хъæзтыты архайынмæ. Сæ куырдиаты загъд уыдис: "Æнæ Уæрæсейы командæйæ Олимпиаг хъæзтытæ сты мæгуырау". Кæд ацы фæндоныл сразы уой Дунеон Олимпиаг комитеты разамонджытæ, уæд мах хъуамæ цæттæ уæм 2024 азы Парижы Олимпиаг хъæзтытæм. Уыцы зондæй кусæм нæ абоны командæйы богæлттимæ. Дзæуджыхъæуы, Хæдарцаты Асланы номыл хъæбысхæсты академийы цы уджыхъæумæ фæтырнынц уæлдай æхсызгондæрæй. Ам æппындæр никуы ницæмæй батыхстыстæм. Цыдæриддæр хъæуы, цы спортивон, цы фæллад уадзынæн, цы хи ирхæфсынæн, уыдон дзы арæзт сты æппæлинаг æмвæзадыл. Уæдæ дзы цы хæрзхъæд хæринаг кæнынц, уый та уæлдай арфæйы аккаг у. Иннæ ахæм цы ран ис академи, уым тезгъо кæныны фадат у, уæлдай раппæлинаг. Афтид йæ уæлдæф кæуылты у! Иу ныхасæй, ам æппæт дæр у хъуыдыгонд æмæ мах сæрыстыр стæм, Ирыстоны нæм ахæм спортивон ахуыргæнæндон кæй сырæзт, уымæй. Стыр бузныг зæгъæм йæ сараджытæн, сæ сæргъы нæ таурæгъон



Уæрæсейы номæй чи хæцдзæн, уыцы богæлттæ. Нæ зæрдæ дарæм 2023 азы уавæр хуыздæрæрдæм кæй раивдзæн æмæ нын Европæйы æмæ дунейы сæйрагдæр ерыстæм цæуавæртæ ис богæлтты цæттæ кæнынæн, ахæм уавæртæ зын ссарæн у. Уымæ гæсгæ мах архайæм ардæм арæхдæр цæуынмæ. Нæ командæйы цы богæлттæ ис, уыдон Дзæбогал **Хæдарцаты Махар,** афтæмæй æмæ ам цы кусджытæ ис, уыдонæн!"

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

**Къамтæ систа ХЪÆЙЫРТЫ Дианæ**

## Культурон цау

# Гастролтæ ахицæн сты

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис æмæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз федтой Мариинаг театры оперæ "Отелло", бацæттæ йæ кодта театры труппæ. Оркестры дирижер — Мариинаг театры аивадон разамонæг ГЕРГИТЫ Валери.**

Дыууæ бонмæ Мариинаг театры филиалы сцæнæйыл равдыстой æртæ оперæйы — Вольфганг Амадей Моцарты "Волшебная флейта", Петр Чайковскийы "Иоланта", Джузеппе Вердийы "Отелло". Джузеппе Вердийы "Отелло" фыццагдæр равдыстой Бетъырбухы, 3 декабры, Мариинаг театры сæйраг сцæнæйыл. Оперæйы архайдта дзæуджыхъæуккаг филиалы хор дæр.

Мариинаг театры труппæйы гастролтæ конд æрцыдысты Уæрæсейы Культурæйы министрады гастролон-концертон пъланмæ гæсгæ. Федералон программæ "Стыр гастролтæ"-йы фæрцы нæ бæстæйы цæрджытæн фадат ис уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг хуыздæр оперæтæ фенынæн.

**Нæ уацхæссæг**

## Ахуырад

# Зæрдиаг лæвæрттæ

**Национ ахуырады рæзтыл æмæ ирон æвзаг фæсивæды алы фæлтæртæн, куыд скъоладзаутæн, афтæ студенттæн бауарзын кæныныл йæ уд чи хъардта, уыцы номдзыд ахуыргæндтæй иу уыдис ЦИПУ-йы ирон æвзаджы кафедрæйы раздæры сæргълæууæг, зындгонд ахуыргонд Багаты Никъала. Йæ зонадон архайды тыххæй æрæджы Дзæуджыхъæуы Гасситы Викторы номыл полиграфион куыстуаты рацыд чиныг "Багаты Никъала. Цард æмæ сфæлдыстад".**




Йæ рауадзыны хъæппæрис та равдыста Багаты мыггаджы советы раздæры сæрдар Багаты Батрадз. Уый бахатыд газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор, номдзыд ахуыргонды раздæры студент, филологон наукæты кандидат Хозиты Барисмæ, цæмæй йæ номдзыд æрвады тыххæй арæзт æрцæуа чиныг. Уырдæм хаст æрцыд Никъалайы цард, наукон æмæ рухстауæн архайды тыххæй чиныгаразæгæн йæхи фыст очерк, Никъалайы зонадон уацтæн сæ зындгонддæртæ, йæ монографи "Нырыккон ирон æвзаг"-æй ист хицæн хæйттæ. Дунеон æмæ уырыссаг литературæйы уацмыстæй, мадæлон æвзагмæ йæ тæлмацтæ. Йæхи тыххæй мысинæгтæ, ирон æвзаджы рæзтмæ цы ахадгæ æвæрæн бахаста, уый тыххæй уацтæ.



Ног чиныг цæмæй Дзæуджыхъæуы астæуккаг скъолаты ирон æвзаджы ахуыргæнджытæм æмæ рæвдауæндæтты хъомылгæнджытæм фæхæццæ уа æмæ дзы сæ ахуырты рæстæг пайда кæной, уыцы нысанимæ Багаты мыггаджы бафæндыд, цæмæй ацы æхсызгон лæвæрттæ ахуыргæнджытæ райсой Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл 13-æм астæуккаг скъолайы. Ардæм сæ чи æрбацыд, уыдонæн зæрдиаг арфæ ракодта скъолайы директор **Бекъойты Аллæ.** Никъалайы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй уазджытæн радзырдта ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг **Уалыты Илонæ**.

Уый фæстæ сын уæрæх экраныл равдыстой зындгонд ахуыргонды æнæнцой рухстауæн цардвæндагыл дзурæг къамты видеослайдтæ.

Ахуыргæнджытæн æмæ рæвдауæндæтты разамонджытæн **Багаты Батрадзы** бинонты номæй арфæ ракодта йæ чызг **Альдонæ** æмæ газет "Рæстдзинад"-ы сæрмагонд уацхæссæг **Гасанты Валери.**

**СОЛТАНАТЫ Анвар**

## Хъомылад

# Æхсызгон фембæлд

**Кæстæрты хъомылады стыр ахадындзинад ис Ирыстоны зындгонд фысджытимæ æмæ аивады кусджытимæ фембæлдтытæн.**

Скъола "Эрудит"-ы æрæджы уазæгуаты уыд Паддзахадон телерадиокомпани "Алани"-йы редактор, зындгонд поэт, журналист, сфæлдыстадон фæлтæрыл аудæг, нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг, УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг **Къадзаты Станислав**.

Йæ бирæвæрсыг æмæ æнкъарæнтæй хъæздыг сфæлдыстадæй йын ахуырдзаутæ раргом кодтой иу чысыл хай.

Ахуырдзаутæ тынг цымыдисæй хъуыстой поэты алы дзырдмæ дæр. Йæхи æмдзæвгæтæ йын зæрдывæрдæй зæрдæмæхъаргæ кастысты Челдыты Ацæмæз, Сланты Аминæ, Дзукъаты Греттæ, Зассеты Ибрагим, Хуыбылты Миланæ, Тинаты Аринæ, Хъалæгаты Давид, Исмаилия Руштова, Мæрзойты Марк, Боциты Аланæ, Гозымты Аслан æмæ Аланæ.

Фембæлды кæрон Станислав бузныг загъта скъолайы директор **Фидараты Эммæйæн**, йæ хæдивæг **Икъаты Еленæйæн**, скъоладзаутæ æмæ ахуыргæнджытæн.

**Нæ уацхæссæг**

## Радон номыр

# "Ногдзау" мыхуыр кæны

**Мыхуырæй рацыд журналы 6-æм номыр. УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг, Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг Будайты Милусæйы юбилейон æрмæгæй.**

Мыхуыргонд æрцыдысты Черноярскы скъолайы 6-æм къласы ахуыргæнинаг Босыккаты Сæрмæты æмдзæвгæ "Ног азы бæллиц" (йæ ахуыргæнæг — Хуытъинаты Альбинæ), Хуссар Ирыстоны Цхинвалы 6-æм скъолайы 7-æм къласы ахуырдзау Бежанты Барсæгы "Мæ Ирыстон". Сывæллæттæ зæрдиагæй бакæсдзысты Сасиаты Исламы æмдзæвгæтæ "Зымæг" æмæ Ног аз"

Зæрдæмæхъаргæ у Михайловскы астæуккаг скъолайы ахуыргæнинаг Чысиаты Азæмæты "Æрвхуыз хæхты бæстæйы аргъау" (ахуыргæнæг — Соттиты Дзерассæ).

Уæдæ профессионалон фысджыты сфæлдыстадыл ахуыр кæнынц кæстæртæ дæр. Сывæллæттæ зæрдиагæй бакæсдзысты Будайты Милусæйы радзырд "Бабайы лæдзæг", Джимиты Кларæйы аргъау "Æлдар æмæ мæгуыр лæджы хæрæг".

Алагиры сывæллæтты аивæдты скъолайы курдиатджын ахуырдзауты равдыст бацæттæ кодтой ахуыргæнджытæ Сабанты Джульеттæ, Гæбуты Хадизæ æмæ Фаткæ Поярко.

Хурнал сфидыдта София Васюта , Мæргъиты Таймураз, Гæбæлаты Даринæ, Толпарты Вероникæ, Таболты Маринæ, Та-




хохты Фатимæ, Атайты Мæдинæ, Суанты Ланæ, Гуыдиаты Анастасия æмæ Толпарты Хъазыбеджы нывтæй.

Журналы ма ис Ног азы къæлиндар, филворд, сканворд, дзырдбыд æмæ æндæр æрмæджытæ.

Журнал йæ хуыз скалдта нывгæнджытæ Айларты Владимиры, Абайты Аркадийы, Гаппуаты Натальяйы нывтæй.

**АБАЙТЫ Эдуард**

## Бæрæгбоны агъоммæ

# Митын Дадаимæ æвæстиатон бастдзинад

**"Ростелеком Контакт-центр" Митын Дадаимæ æмæ йæ нымæцон æххуысгæнджытимæ æвæстиатон телефоны бастдзинадæн фадæттæ саразта.**

Телефонæй нымæцон Митæмæ фæдзурæг сывæллæттæм уыдзæн сæ бæллиццаг лæвæрттæ тыххæй хабæрттæ фехъусын кæнын æмæ Митын Дадайæн арфæ ныууадзыны бар.

Проект æххæст кæнынц "Уæрæсейы пост" æмæ Вологдæйы облæсты Великий Устюгы æрбынæттонуæвæг Митын Дадайы резиденцийы æххуысæй. Æрвылазон гæххæттын фыстæджыты æмрæнхъ **29 декабры онг æхсæвæй-бонæй кусы телефоны лæвар номыр 8-800-101-10-42**. Æппæт ногазон хъусынгæнинæгтæ хæдæгъдау уагæй раивдзысты электронон хуызмæ æмæ сæ Ног азы агъоммæ барвитдзысты ногазон диссагæвдисджыты резиденцимæ.

— Зынаргъ хæлæрттæсабитæ æмæ хъомыл адæм! Сæйраг зымæгон бæрæгбон — Ног 2023 аз — æрбахæццæ кæны. Ныртæккæ бæллицтыл ахъуыды кæнын æмæ кæрæдзийæн зæрдæхæлар арфæтæ ракæныны афон у. Амæй размæ куыд уыд, афтæ ныр дæр мæм Великий Устюгмæ æрбафтыд мингай фыстæджытæ, от-



крыткæтæ æмæ телефонæй хъусынгæнинæгтæ. Диссагæвдисæг ме 'ххуысгæнджытимæ сæ æнæмæнг бакæсдзыстæм, байхъусдзыстæм сæм æмæ алкæмæн дæр дзуапп ратдзыстæм. Уадз æмæ Ног азы агъоммæ нæ рæсугъд бæллицты фæрцы ацы дуне ноджы аивдæр суа! — загъта Митын Дада.

— Ногазон æвæстиатон телефоны бастдзинадæн рахай кодтам номыр **8800**, хъæлæсон роботы куыстæн фадæттæ саразтам, телефоны сигналты хъæлæсон иртасынад бацæттæ кодтам. Æнæлазæй кусынмæ цæттæ стæм. Уадз æмæ Митын Дадамæ 'рбафтæг æппæт бæллицтæ баххæст уой! - загъта "Ростелеком Контакт-центр"-ы генералон директор **Сергей Шишмаров**.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: æппæт бæстæйы посты хайæдты фæзындысты Митын Дадамæ фыстæджытæн 100 посты асыккæй фылдæр. Адæммæ ис сæ фыстæджытæ 31 декабры æмгъуыдмæ ацы асыччыты сæвæрыны бар.

**Нæ уацхæссæг**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ



**Æрчъегкаты бинонтæ бузныг зæгъынц, сæ зыны сахат, Æрчъегкаты Гибайы фырт Бексолтаны зианы бон сæ фарсмæ чи балæууыд, сæ рис сын чи фæрогдæр кодта, уыцы æрцæуæг дзыллæйæн æмæ хъусын кæнынц, йæ дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн 30 декабры, майрæмбоны, Олгинскæйы, Мамсыраты Хаджумары уынджы 54-æм хæдзары.**

Газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц, Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры режиссер æмæ актер, РЦИ-Аланийы адæмон артист Цæриаты Валерийæн йæ хæрæфырт

**ТЕЗИАТЫ**
**Таймуразы фырт Хъазыбег**
цæрынхъуагæй кæй амард, уый фæдыл.

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Ремонт стиральных машин и холодильников. ТЕЛ.: 8-988-835-55-50 (Азамат); 8-963-377-80-00 (Борис).**

Номыры радхæссæг редактор — **Гасанты Валери.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3508.
Заказ № 1450.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**